



Pou Piblikasyon Imedya: 02/10/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN PWOJÈ LWA POU PÈMÈT ZANNIMO DOMESTIK YO MONTE NAN TRANSPÒ PIBLIK YO NAN YON ETA IJANS AK EVAKYASYON

Li Elaji Pwojè Lwa a Pou Otorize Zannimo Konpayon yo Monte nan Transpò Piblik Otorite Pòtyè yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen jodi a pwojè lwa (S.7112/A.4956) pou otorize zannimo domestik yo monte nan nenpòt sèvis transpò piblik nan ka yon eta ijans ak evakyasyon. Pwojè lwa a ap elaji lwa ki egziste deja a pou enkli Transpò Piblik Otorite Pòtyè yo (Port Authority) epi li konsistan ak plan operasyon ijans aktyèl yo ki se pou bezwen pwopriyetè zannimo ak zannimo domestik yo .

“Pou anpil moun New York, zannimo domestik yo se manm fanmi yo, epi yo pa ta dwe fòse pèsòn abandone yo nan ka yon evakyasyon”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Mwen fyè pou mwen siyen pwojè lwa bon sans, imen sa a pou pote rekonfò pou pwopriyetè zannimo domestik yo nan moman detrès yo.”

Pandan Gwo Tanpèt Sandy, anpil pwopriyetè zannimo domestik yo te refize evakye lè yo te mande yo paske yo pa te ka pran zannimo konpayon yo ak yo pou al mete tèt yo an sekirite. Sitiyasyon sa a pou refize evakyasyon te non sèlman mete an danje lavi abitan yo ak zannimo domestik ki san defans yo, men tou pèsònèl ijans ki ap lite pou evakye yo.

Senatè Andrew Lanza te deklare, “Mwen di Gouvènè Cuomo mèsì poutèt li siyen pwojè-lwa sa a pou fè li vin yon lwa. Ane pase nou te travay ansanm pou asire ke yo ka transpòte zannimo domestik yo nan bis ak tren MTA yo nan ka yon òdonans evakyasyon ijans nan eta a. Dokiman lwa sa a ap elaji anplè a, ki ap asire ke menm mezi pou zannimo konpayon yo an plas pou tout transpò piblik yo ke yo te bay atravè Otorite Pòtyè yo. Lwa sa a pral ede asire ke lavi abitan yo, zannimo domestik ki san defans yo, ak pèsònèl ijans ki ap lite pou asiste nan evakyasyon yo pa an danje yon fason ki pa nesèsè”.

Manm Asanble Linda B. Rosenthal te di, “Zannimo domestik yo kòm fanmi nou, epi pèsòn pa ta dwe atann yo a kite dèyè yon manm fanmi ke yo renmen pou debwouye yo poukont yo nan yon dezaz natirèl. Lwa sa a pral asire ke tout moun New York yo - alafwa sa ki gen de ak kat pye yo - ka chape pou al mete yo an sekirite apati tout

mwayen transpò piblik ki disponib yo, ki gen ladan sila yo ki opere pa Otorite Pòtyè yo nan New York ak New Jersey”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)